BMB
Bundesministerium
für Bildung

# Марша дог1ийла шу австрийски школе!

Tschetschenisch



# Хьоме дай-наной! Хьоме верасаш!

Шу Австри даьхкина дукха хан яц. Австрийски школьни дешаран система а цхьана шуна дуккха а х1ума керла ду. Цундела Дешаран Министерствос аьтто ло шуна Австрерчу школашках лаьцна болу базови хаам бовза. Шун бераш оьхуш йолчу школан хьехархоша хазахетарца шун хаттаршна жоьпаш а лур ду, хьашт йолу консультаци а йийр ю.

## 1 Сан берана школе эха мегий?

Австрехь 1аш долу 6 шарера пхийтта шаре кхаччалц долу массо а бераш декхарийлахь ду школе эха, ма-дарра аьлча царна т1ехь ду **школехь 1амор**. Иза иштта, хьакхалуш ду мух1ажарийн а, к1елхьардовлийла йоьхуш болчеран а берех а.

Пачхьалкхан школашкахь дешар мах боцуш ду. Амма долахь школаш а ю, цига эхарна мах бала беза.

Шаьх дехачу меттиган адресухела д1аяздан деза аш шайн бер школе. И г1уллакх дан бераца цхьаьна школе д1аяздала г1о, шайца цхьаьна гочадрхо а вига, нагахь санна шуна немцойн мотт дика хууш бацахь. Вена г1алин федеральни латтанан школьни дешаран кхеташонан кхайкхаран кехата юкъара шуна хуур ду маца хир ду школе д1аяздар а, муьлха кехаташ аш шайца дан деза а.

Шун берана лур ю урокийн расписани. Цу расписани т1ехь ма-дарра яздина хир ду х1ора дийнахь занятиш мел хенахь хир ю. Нагахь санна шун бер цомгуш хилахь, аш школе хаам бан беза. Даима дай-наной-кхеташонашка оьшуш меттиг нислахь гочдархо цхьаьна а волуш эха. Цигахь шуна оьшу хаам бевзар бу.

Х1ора семестран чаккхенехь массо а дешархошна ло шайн кхиамаш лаьцна хаамаш, ткъе дешаран шеран чаккхенехь кхиамийн табель д1ало. Дешархойн кхиамийн мах хадабо 1 т1ера 5 т1е кхаччалц. 1 – уггаре а лаккхара оценка ю, пхиъ – уггаре лахара. Дика немцойн мотт ца

хууш долчу берашна оценкаш ца х1иттайо. Дукхох йолчу юьхьанцара школашхь мах ца хадабо, дешнашца яздо берийн дешаран кхиамашах лаьцна.

## 2 Хьан г1о дийр ду сан берана немцойн мотт 1амо?

Шун бер шен хене хьаьжжина классе билгалдийр ду. Ненан меттанаш тайп-тайпана долу бераша цхьаьна доьшур ду.

Школьни дешар 1амо т1едиллина долу, х1инца а немцойн мотт ца хууш долу бераш, я иза дика ца хууш дерш школе т1еоьцу **къаьсттина дешархой** санна. Церан ши шо хан ю немцонй меттан базови хаарш эца. Оцу ханна юкъахь царна оценкаш йоьхкур яц, амма церан аьтто хир бу рог1ерачу классе схьаладовла.

Къаьсттина дешархойн аьтто хир бу **мотт сиха 1аморан курсашка** эха а. Х1етахь царна жимачу тобанна юкъахь я, классехь 2-чу хьехархочо куьйгалла а деш к1оргера мотт 1амор бу.

Иштта, дукха а школаша таро ло **ненан мотт 1амо а**. Оцу занятишка аш бер лерина д1аязда деза. Гуттар а санна иштта занятиш дийнан шолг1ачу декъехь шалха йиначу урокехь д1ахьо. Шайна хаийтиа шун бер доьшучу школехь я, луларчу школехь ненан мотт 1амабой.

## 3 Декхарийла дуй шу шаьш школьни учебникаш эца?

Дац, х1унда аьлча **лерина социальни программехула** массо а дешархошна мах боцуш массо а предметашкахула учебнкиаш ло. Шалха мотт болчу берашна иштта лур ю немцойн маттехула а, шолг1ачу маттехула а учебникаш, шалха дошамаш санна. Нагахь санна шун бер ненан маттехула занятишка оьхуш далахь, цунна а лур йог1уш йолу учебник.

## 4 Муьлха школа ю сан берана йог1уш?

### Школьни дешар т1едожийна долу бераш

**Юьхьанцара школа (Volksschule – VS)**
**6 шарера 10 шаре кхаччалц**
**1-чу шарера 4-г1а дешаран шаре кхаччалц**

6 шарера 10 шаре кхаччалц долу бераш деа шарахь юьхьанцара школе оьху. Нагахь санна ялх шо кхаьчна долу бер школехь деша х1инца а кийча дацахь, иза т1еоьцу кечаман тобане. Т1аккха цуьнан кхин а цхьа шо хан ю, школан лехамашах вола.

**Керла юккъера школа (Neue Mittelschule – NMS)**
**Юкъарадешаран юьззина юккъера школа (Allgemeinbildende höhere Schule – AHS) – юьхьанцара классаш**
**10 шарера 14 шо кхаччалц**
**5-чу шарера 8-г1а шо кхаччалц**

Юьхьанцара школа яьккхинчул т1аьхьа 4 шарахь бераш керлачу юккъерчу школе оьху я, юкъарадешаран юьззина юккъерчу школе. Асвстре 10 шо кхаьчна я, кхин а даккхий долуш бераш даьхкинехь, шайн хене хьаьжжина уьш т1еоьцу керлачу юккъерчу школе я, юкъарадешаран юьззиначу юккъерчу школан юьхьанцарчу классашка.

Керла юккъера школа декхарийлахь ю массо а дешархой т1еэца, амма юкъарадешаран юьззина юккъера школас т1е ца эца а мега.

Кхиамца керла юккъера школа я, юкъарадешаран юьззина юккъерчу школан юьхьанцара классаш чекхяьханчул т1аьхьа 4 шо даьлча дешархойн аьтто хир бу шайн дешар юккъерчу школан лаккхарчу т1ег1ан т1ехь я, юкъарадешаран юьззина юккъерчу школан лаккхарчу классашкахь д1адахьа.

**Политехнически школа (Polytechnische Schule – PTS)**
**14 шарера 15 що кхаччалц**
**Дешаран 9-г1а шо**

Юккъерчу школан лаккхарчу т1ег1ант1е ца оьхуш болчу дешархоша т1едожийна долу школьни дешар д1ахьо политехнически школехь я, ц1а лелоран цхьаьна шеран школехь. Т1едожийна долчу школьни дешаран оцу т1аьхьарчу цхьаьна шарахь дешархоша кечам бо корматаллин дахарна.

**Лерина педагогика**
**6 шарера 15 шо кхаччалц**
**Дешаран 1-чу шарера 9-чу шаре кхаччалц.**

Лериначу педагогике хьаьжжина тидаме оьцу т1едожийна школан дешар хьакъ долчу, **лерина хьехархойн г1о оьшуш** (масала къора я, б1аьрзе) долчу берийн хьашташ. Церан аьтто хир бу лерианчу школе эха я, шайн хене хьаьжжина юхьаьнцарчу школе эха, юккъерчу школе эха я, юкъарадешаран юьззина юккъерачу школан юьхьанцарчу классашка эха я, политихенически школе эха.

Т1ейожийна йолу школа чекхяьккхинчул т1аьхьа х1ара таронаш хир ю:

**Корматаллин школа (Berufsschule)**
**15 шарера дуьйна**

Т1едожийна долу школьни дешар (9 шо) чекхдаьллачул т1аьхьа кегийчу нехан аьтто хир бу корматалла эца дешар д1адоло. Цара лаха еза шаьш болх бан 1амо т1еоьцур долу предприяти. Цига санна уьш корматаллин школе а эха деза. Корматаллин школехь дешар предприятина а, дешархочуна юкъара къинхьегаман юкъаметтигаш мел ю хир долуш ду (2 шарера 4 шаре кхаччалц). Корматаллин школехь предприятехь эцна долу практически хааршна теоретически хааршца кхачо йо. Квалификаци эца экзамен д1аяларо бакъо ло эцначу корматаллехула болх бан. Австрехь 200 гергга белхан корматаллаш ю.

К1елхьарадовлийла йоьхуш болчу кегийчу нехан бакъо ю дефицитни олучу корматаллашкахула дешархой хила. Цу юкъа йог1у сихонца белхалой оьшуш йолу корматаллаш.

### Юккъерчу школан лаккхара т1ег1а (Weiterführende Schule)

Юккъерчу школан лаккхара т1ег1а долчу дешаран заведенешка лаам бел верг вац т1еоьцуш. Т1еэца сацам бо школан директора. Цундела школьни дешар т1едожийна боцучу кегийчу нахана хала хуьлу шайн махкахь хилла дешар кхузахь д1адахьа, къаьсттина хала хуьлу немцойн мотт а бацахь хууш. Амма юккъерчу школан лаккхарчу т1ег1ант1е къаьсттина дешархо санна д1аэца тарло. Нагахь санна шаьш схьадаьхкинчу махкара цхьаьцца тоьшаллаш шуьйа далахь уьш схьаэца шаьш деша х1уттуш.

**Юкъарадешаран юккъера юьззина школа (Allgemein bildende höhere Schule – AHS) – лаккхара классаш**
**14 шарера 18 шо кхаччалц**

Керла юккъера школа я, юкъарадешаран юьззина юккъерчу школан юьхьанцара классаш чекхяьхначул т1аьхьа кегийчу нехан таро хир ю юкъарадешаран юьззина юккъерчу школан лаккхарчу классашкахь дешар д1адахьа. Юкъарадешаран юьззина юккъерчу шкоалс дика хаарш ло. Цигахь дешар 4 шарахь хуьлу, иза чекхдолу экзамен д1а а луш, кхиънадаларан аттестат яларца. Кхиънадаларан аттестата бакъо ло университеташка а, хьехархойн я, лериначу лакккхарчу дешаран заведенешка деша х1отта.

### Корматаллин 1аморан школаш (Berufsbildende Schulen)

Ишколаш тайп-тайпана хуьлу, масала, коммерчески, технически, туристически, я социальни сферехь

**Корматаллин-технически училище (Berufsbildende mittlere Schule – BMS)**
**14 шарера до 17 (18) шо кхаччалц.**

Корматаллин-технически училищиша (я лерина йолчу училищаша) корматаллин квалификаци а, юкъара дешар а ло. Цигахь дешар 3 шарахь я, 4 шарахь хуьлу, иза чекхдолу арахецаран экзамен д1аяларца. Училище чекхяьккхинчул т1аьхьа арахецархочун аьтто бу корматаллин дахаре х1отта я, кхин а совнаха курсе хьаьжжина техникум чекхяьккха кечам бан.

**Техникум (Berufsbildende höhere Schule – BHS)**
**4 шарера до 19 шо кхаччалц.**

Техникума мелла а лаккхарчу т1ег1анан корматаллин хаарш а, юкъара дешар а ло. Цигахь дешар 5 шарахь 1а, иза чекхдолу экзамен д1а а луш, кхиънадаларан аттестат а, диплом а яларца. Экзамен д1аяларо аьтто ло университете а, хеьахрхойн я, лерианчу дешаран лаккхарчу заведенешка деша х1отта.

**Erhältlich unter www.schulpsychologie.at/bildungsinformation auch in folgenden Sprachen:**

Albanisch
Arabisch
Bulgarisch
Deutsch
Englisch
Farsi
Französisch
Rumänisch
Russisch
Somali
Türkisch

**Арахецаран хаамаш**
Издани долахь ерг, издатель а, редактор:
Дешаран Федеральни Министерство
1010 Вена
Тел.: +43 1 531 20-0
www.bmb.gv.at
Оформлени: BKA Design & Grafik
Зорба: One2print / DI Hans A. Gruber KG
Вена, 2016/17
2-г1а издани